

Pou: Komite Lekòl

Soti: Sipèentandan Brenda Cassellius

Dat: mardi 23 février 2021

Sijè: Manm Gwoup Travay Sou Politik Pataj Enfòmasyon

Objektif memo sa se mizajou manm Boston School Committee yo sou estati gwoup travay ki rekòmande anba Politik ki Konsèn Preparasyon ak Pataj Rapò Ensidan Elèv yo ak Lòt Enfòmasyon sou Elèv yo avèk Depatman Polis Boston (Boston Police Department, BPD).

Fon

[Politik](#), ki te adopte nan inanimite pa Komite Lekòl la nan reyinyon li an 16 Septanm 2020, rele Sipèentandan Boston Public Schools (BPS) yo “pou etabli yon Gwoup Travay sou Sekirite Lekòl la (“Working Group”) ki pral gen responsab pou diskite pi lwen pwoblèm ki lye ak politik sa, resewva rapò yo nan men sirentandan sou miz-an-èy politik sa nan distri a, epi fè divès rekòmandasyon ak Komite Lekòl la.”

Adezyon

Selon politik la, Gwoup Travay la pral konpoze ak 12 manm, ki reprezante gwoup swivan yo: (i) yon elèv BPS, ki nome pa imigrasyon an, òganizasyon k'ap defann jèn yo ak kominote a ki note nan (iv) anba, avèk preferans ki bay ak yon elèv frekante yon lekòl ki te istorikman konnen yon volim elve arestasyon oubyen Rapò Ensidan; (ii) yon paran oubyen responsab ki chwazi pa Citywide Parent Council; (iii) yon manm Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyalize Boston (Boston Special Education Parents Advisory Council, SpEdPAC); (iv) yon anseyan ki chwazi pa Inyon Anseyan Boston yo (Boston Teachers Union, BTU); (v) yon direktè lekòl, asistan prensipal oubyen dwayen yon lekòl avèk yon anplwaye Sèvis Sekirite ki asinye, chwazi pa sipèentandan; (vi) yon reprezantan òganism defans imigrasyon, jèn oubyen kominote ki chwazi pa komite lekòl la; (vii) yon reprezantan ki soti nan BPS Office of Opportunity Gaps; (viii) yon reprezantan ki soti nan ekip chèf operasyon BPS, oubyen lòt reprezantan biwo santral BPS avèk responsab pou konseye Administratè Lekòl yo sou Kod Konduit la; (ix) yon reprezantan ki soti nan Depatman Sèvis Sekirite BPS; (x) yon endividi, ki pa yon anplwaye Vil Boston, avèk yon ekspètiz nan ranfòsman lalwa ak lwa ak regleman sou sekirite yo, ki chwazi pa Komite Lekòl la; epi (xi) de reprezantan ki soti nan gwoup travay sou done elèv yo sirentandan (ki fè rekòmandasyon sou politik sa), nome pa gwoup travay la.

Manm gwoup travay yo te prezan nan de seyans oryantasyon Lendi ak Madi, 8 ak 9 Fevriye kote yo te revize politik la, te revize responsabilite gwoup travay la, te diskite sou kalandriye reyinyon alavni yo, epi te reponn kesyon manm yo. Premye reyinyon an te pwograme pou Mèkredi, 3 Mas avèk yon dezyèm reyinyon ki planifye pou Jen.

Manm Gwoup Travay yo

Devren Edouard se yon elèv nan Boston Green Academy, yon elèv atlèt ak reprezantan Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (Boston Student Advisory Council, BSAC). Devren se manm yon sou-komite BSAC sou klima, kilti, ak amelyorasyon ki santre sou divès pwoblèm tankou politik pataj enfòmasyon sou elèv yo ak relasyon ant BPS, BPD, ak ranfösman lwa federal la.

Josiehanna (Josie) Colon se yon elèv nan New Mission High School epi ki se kaptenn ekip deba a. Li se yon reprezantan elèv BSAC tou.

Suleika Soto, Òganizatris Paran yo pou Boston Education Justice Alliance, se manman de Elèv BPS, Mykaela ki frekante TechBoston Academy, ak Jazmyn ki nan Blackstone Elementary. Madam Soto te frekante Sumner Elementary aprè li te rive nan Boston soti nan Repiblik Dominikèn nan laj sèt an, epi te gradye nan ansyen Dorchester High School. Li se yon manm Blackstone School Parent Council ak School Site Council, epi aktyèlman eli kòm ko-prezidan finans pou Citywide Parent Council.

Jack Sinnott se ansyen prezidan ak manm ekip aktyèl Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal (Special Education Parent Advisory Council, SPEDPAC), epi se papa twa timoun avèk IEP (youn ki otis ak de lòt avèk ADHD). Travay mesye Sinnott nan non kominote Bezwen Espesyal yo te kòmanse pandan ete benevola lekòl fondamantal ak segondè antan ke responsab pou timoun ki genyen twoub nan lekti epi antan ke asistan evènman pou Jwèt Olenmpik Espesyal yo nan Nouyòk. Mesye Sinnott te gradye nan Millbrook School epi cum laud nan Boston University. Li te fè pati Gwoup Travay sou Politik Otism Mayor Menino.

Nora Paul-Schultz se yon anseyan syans Fizik nan John D. O'Bryant School of Math and Science. Anplis li anseye Fizik ak Advanced Placement Physics C (Fizik Plasman Avanse C), li se konseye klèb pou Chapit Mouvman Elèv Imigran (Student Immigrant Movement, SIM) nan O'Bryant, Asosyasyon Elèv ak Alye Mizilman epi ekip First Robotics. Li se youn nan lidè Unafraid Educators, komite òganizasyon dwa imigran BUT yo.

Terrance Johnson, Asistan Prensipal, Madison Park Vocational Technical High School, se yon pwodui fyè BPS epi diplome nan Madison Park Technical Vocational High School. Li te fè degre Lisans li nan Cambridge College epi yon degre Metriz nan Edikasyon Espesyalize nan University of Massachusetts, Boston. Depi 2014, li ap pouswiv doktora li. D nan menm lekòl la. Pandan tout 26 an li nan BPS, li te toujou plede pou yon eskolarite ibèn sen, ekitab, ak dirab

pandan l'ap fese atè sistèm inegalite yo nan edikasyon. Li enterese ak gwoup travay patikilye sa paske li konnen rezilta tanjib ap pwodui gras ak yon chanjman politik.

Harold L. Miller, Jr. se aktyèlman Sirentandan Adjwen pa Enterim nan BPS Office of Opportunity Gaps (Biwo Lakin Opòtinite BPS yo) epi te sèvi BPS depi 2001. Mesye Miller te travay nan Biwo Lakin Opòtinite yo depi 2016 epi te pote yon kontribisyon notab nan ansanm distri a pandan tout karyè li. Mesye Miller aktyèlman responsab pou devlope epi mete an-èy politik nan nivo sistèm nan, aprantisaj ak ankadreman pwofesyonèl, ak pwogram inovatè. Nan wol li te genyen avan kòm Direktè Prensipal Politik ak Transfòmasyon Distri a, Mesye Miller te ede devlope Sistèm Siveyans Divès Objektif Lakin Nan Kesyon Opòtinite ak Reyalizasyon epi te jere Politik sou Lakin yo nan kesyon Opòtinite & Reyalizasyon, kote li te konsilte prèske tout biwo distri yo ak yon kantite lekòl.

Dacia Campbell sèvi kòm Sirentandan Adjwen an k'ap soutni lekòl elemantè yo nan Divizyon Responsabilite BPS. Li swete patisipe nan gwoup travay ki rekòmande selon Politik ki Konsène Preparasyon ak Pataj Rapò Ensidan Elèv yo ak Lòt Enfòmasyon sou Elèv yo avèk BPD paske li vle asire ke BPS ap mete an-èy politik la korèkteman epi sipòte elèv yo nan pwoteje vi prive yo epi nan pa soutni lekòl k'ap debouche sou prizon.

Neva Coakley-Grice se Chèf Sèvis Sekirite BPS. Chèf Coakley-Grice se te sèl fanm Afriken-Amerikèn nan Youth Violence Strike Force epi li te youn nan sèl fanm dirijan nan kad Operasyon Rekonesans Nasyon, konsa tou Operasyon Ceasefire, Operasyon Night Light, ak Depatman Pwogram Re-Entegrasyon Sèvis pou Jènès la - Tout konpozan kle konsantrasyon Vil Boston nan pou li konekte pi efikasan avèk timoun yo e ak adolesan yo. Li te egalman dirije kowòdinasyon Pwogram RISE ak Pwogram Camp Frank A. Day, epi li te pòtpawòl pou twa Komisè Polis Boston yo. An 2019, Chèf Coakley-Grice te resevwa Pri Prestijye Spirit of MAWLE (Asosyasyon Fanm Massachusetts yo nan Ranfòsman Lalwa) Pri Mantora. Plis aktyèlman, Chèf Coakley-Grice te travay nan Nouvo Biwo Angajman Kominotè.

Valeria Do Vale, Kowòdonatris Prensipal, Mouvman Elèv Imigran yo imigre Brezil nan laj sèt an avèk fanmi li, epi te rezide nan Boston pou prèske tout vi li. Li te vin enplike nan mouvman imigrasyon pandan premye ane lekòl segondè li epi li se yon òganizatris Mouvman Elèv Imigran, travay pou lajistis e aksè ak ansèyman siperyè pou moun koulè yo. Li diplome nan John D. O'Bryant High School.

Elizabeth Badger se Avoka Prensipal Pèsonèl la nan PAIR epi jere Aksè ak Jistis pou inisyativ Fanmi Imigran yo. Elizabeth te fè Doktora li nan Lekòl Dwa nan Boston University epi te resevwa B.A. li nan Dartmouth College. Aprè lekòl dwa, li te okipe pòs Komi nan Dwa Imigrasyon nan Kou Dapèl Dezyèm Sikwi. Elizabeth te travay nan dwa imigrasyon pou plis pase yon deseni, konsantrè sou moun ki nan detansyon imigrasyon pwolonje yo.

Gwoup Travay sou Sekirite Lekòl ki Nome Pa Komite Lekòl Boston

Angelica Martinez mete de chapo nan Konsèy Kominotè Ekimenik Boston Ès la (East Boston Ecumenical Community Council, EBCC). Li se Kowòdonatris Jèn pou Aspiran yo, kote li responsab pou kowòdone, devlope, epi mete an-è v pwojè ki entegre divès resous, aprantisaj, ak teknoloji enfòmatis/dijital nan aktivite pwogram yo. Sipèvizè operasyon chak jou nan laboratwa enfòmatis yo epi patisipe nan lòt pwogram jenès fè pati travay li. Kòm yon Anseyan ESL, li anseye ESL nivo III. Angelina gen yon Lisans nan Bèl Atizay, Istwa Atistik, ak Penti nan Mass College of Arts & Design, Boston. Li se loreya Pri Ekselans nan Istwa Atistik 2017, epi se yon espesyalis nan Antikite Mwayen Oryan, konsa tou konesans adisyonèl nan atizay ak kilti Japon, Mezoamerica, Itali. Li metrize anglè ak espanyòl epi li gen yon konesans pratik nan italyen.

Georgina Orellana se yon elèv nan East Boston High School ak yon rezidan nan East Boston.

Javier Flores se asosye direktè biwo Boston Dinsmore. Li gen yon eksperyans divèsifye nan litij ki reprezante divès kliyan nan divès afè komèsyal konplèks, ki genyen ladan yo divès reklamasyon pou koupe kontra, rekou kolektif ak pratik komèsyal delwayal yo. Anplis, Javier te reprezante avèk siksè divès antrepriz nan tout peyi a nan divès ka blezi grav, ki genyen ladan l responsabilite pwodui a, responsabilite pwofesyonèl ak reklamasyon nan responsabilite sivil Jeneral yo. Javier te okipe plizyè pòs dirijan nan divès òganizasyon jiridik ak sivik, ki genyen ladan l Asosyasyon Nasyonal Bawo Ispanik. Li se manm konsèy Administrasyon Inquilinos Boricuas en Acción epi te fenk syeje nan konsèy Administrasyon Massachusetts Association of Hispanic Attorneys. Anplis, Javier se te Bousye 2017 nan Leadership Council on Litigation Diversity, epi se yon manm Gwoup Entèvansyon sou Divèsite Massachusetts Bar Association.

Non	Òganizasyon	Adezyon ki Dekri nan Politik la
Devren Edouard, Elèv	Boston Green Academy	(i) yon elèv BPS, ki nome pa òganizasyon defans imigrasyon, jenès oubyen kominote mansyone nan (vi) anba, avèk preferans ki bay ak yon elèv ki frekante yon lekòk ki te istorikman konnen yon volim elve arestasyon oubyen Rapò Ensidan
Josiehanna Colon, Elèv	New Mission High School	(i) yon elèv BPS, ki nome pa òganizasyon defans imigrasyon, jenès oubyen kominote mansyone nan (vi) anba, avèk preferans ki bay ak yon elèv ki frekante yon lekòk ki te istorikman

		konnen yon volim elve arestasyon oubyen Rapò Ensidan
Suleika Soto, Òganizatè Paran	Boston Education Justice Alliance	(ii) yon paran oubyen responsab ki chwazi pa Citywide Parent Council (Konsèy Paran Nan Vil la)
Jack Sinnott	Konsèy Konsiltatif Paran Nan Edikasyon Espesyal	(iii) yon manm Konsèy Konsiltatif Paran Nan Edikasyon Espesyal
Nora Paul Shultz, Anseyan Syans Fizik	John D. O'Bryant School of Mathematics and Science	(iv) yon pwofesè ki chwazi pa Inyon Anseyan Boston yo (Boston Teachers Union, BTU)
Terrance Johnson, Direktè Adjwen	Madison Park Vocational Technical High School	(v) yon chèf etablisman, yon direktè adjwen, oubyen yon dwayen yon lekòl avèk yon anplwaye afekte nan Sèvis Sekirite, chwazi pa sirentandan an
*Georgina Orellana, Elèv *Angelica Martinez, Pèsonèl	East Boston Ecumenical Community Council (Konsèy Kominotè Ekimenik East Boston)	(i) yon elèv BPS, ki nome pa òganizasyon defans imigrasyon, jenès oubyen kominote mansyone nan (vi) anba, avèk preferans ki bay ak yon elèv ki frekante yon lekòl ki te istorikman konnen yon volim elve arestasyon oubyen Rapò Ensidan
Harold Miller, Sirentandan Adjwen Pa Enterim	BPS Office of Opportunity Gaps (Biwo Lakin Opòtinite BPS)	(vii) yon reprezantan Biwo Lakin Opòtinite BPS
Dacia Campbell, Sirentandan Adjwen	BPS Division of Accountability (Divizyon Responsabilite BPS)	(viii) yon reprezantan ekip chèf operasyonèl BPS oubyen yon lòt reprezantan biwo santral BPS ki responsab pou konseye administratè lekòl yo sou Kòd Konduit la

Neva Coakley-Grice, Chèf	Sèvis Sekirite BPS	(ix) yon reprezantan ki soti nan Depatman Sèvis Sekirite BPS
*Javier Flores, Asosye	Dinsmore	(x) yon endividi, ki pa yon anplwaye Vil Boston, ki gen ekspètiz nan aplikasyon lalwa epi nan lwa ak règleman sou sekirite lekòl, ki chwazi pa Komite Lekòl la
Valeria Do Vale, Kowòdonatè Prensipal	Mouvman Elèv Imigran	(xi) youn nan de reprezantan gwoup travay sou done elèv sirentandan yo (ki te fè rekòmandasyon sou politik sa), nome pa gwoup travay la.
Elizabeth Badger, Avoka Prensipal	Pwojè PAIR	(xi) youn nan de reprezantan gwoup travay sou done elèv sirentandan yo (ki te fè rekòmandasyon sou politik sa), nome pa gwoup travay la.

*Nome pa manm Komite Lekòl la